

Yon prensip jesyon Jenewozite



**“Si w bay pòv, Bondye va satisfè bezwen w!
Men madichon va tonbe sou moun ki fèmen je yo sou
lamizè lèzòt.” Pwovèb 28:27**

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan
prensip sa a.*

Yon moun ki jenere, Webster di, “se moun k ap sèvi kòz ki nòb, moun ki emab, debonvolonte epi ki pa egois.” Jenerozite se vreman yon lespri oswa yon atitid ki òdinèman yon pati nan karaktè yon mou, se yon pati nan lwa simen. Anjeneral moun rekonèt nuò lè nou jenere ousinon lè nou ava. Jenerozite se menmjan ak lè yon moun liberal men nan yon fason ki pi kontwole. Se bay epi padonnen ; se konsidere lèzòt jan w t a renmen yo konsidere w. se lè w fè yon pa aplis. Moun ki jenere genyen yon atitid kote yo bay--pa sèlman lajan—men tan yo, talan yo epi de tèt yo. Yo toujou dèyè opòtinite pou yo plante nan bon tè (moun ki pare) kote chanjman kapab fèt. Anjeneral yo fikse yo sou parya ak malere paske yo wè moun sa yo tankou sa yo kapab ye olye sa yo ye nan moman prezan.

Genyen de (2) bagay Bondye pa kapab beni:

1. Avaris. Sa va anpeche w plante pou lavni.
2. Laparès. Sa va anpeche w konsève sa w genyen.

Youn nan bagay ki separe lamerik de anpil lòt peyi se gwo klasmwayenn li ki pwospè. Nenpòt nasyon ki genyen pòv kòm majorite p at anseye ni pratike prensip jenerozite kòm fondasyon oswa fonman pou pwosperite. Jenerozite nan mitan nou va fè nou beni epi ede pòv amelyore sitiyasyon yo. Yon moun jenere p ap sèlman bayo manje yon pwason men li montre yo peche tou. Li konsène pa lavni yo, pa

sèlman moman prezan yo. Si nou sèlman bay pòv yo manje, kantite yo va ogmante epi finalman nou va wuine pandan n ap eseye fè byen. Genyen yon lwa nan lavi: nenpòt bagay ki jwenn manje va grandi. Sistèm « wèlfè » nou an se yon egzantp. Yon moun oswa yon nasyon ki jenere p ap sèlman bay pòv manje, men li va genyen yon pwogram ki va anseye epi antrene yo pou chanje atitid yo ak pèsepsyon lavi yo, sa ki va bayo yon vizyon ak lespwa, yon fason pou yo sòti nan pwoblèm yo. Jezi te di, “Lespri a sou mwen epi Li chwazi m pou m geri kè moun ki malad epi pote bon nouvèl bay pòv », sa ki vle di genyen repons ak solisyon pou povrete. E tout bagay koumanse ak moun ki jenere e ki pran tan yo pou yo amelyore kondisyon pòv ak moun ki pèdi lespwa. “Si w bay pòv, Bondye va konble w. » kijan ? Lè nou amelyore kondisyon pòv nou ogmante klasmwayenn. Sa kreye djòb. Yo va genyen yon salè yo va kapab depanse. Sa kreye achtè, e si sa multipliye, li va rann yon nasyon pwospè, sa ki anretou va satisfè bezwen nou. Sa vin bay plis pwodiktè, plis pwodui, plis achtè, plis konsomatè, plis djòb

epi mwens pòv. Malgre n ap toujou genyen kèk pòv, yo p ap janm reprezante yon pòsyon sosyete a nou p a kapab dirije.

Donk, p a sèlman bay moun ki bezwen lajan ak manje. Ou dwe yon moun ki genyen lespri jenere ki va bayo tou rèv ak lespwa e ki va ede yo venk povrete yo. Aprann yo jere, dirije ak teknik, yon fason pou yo kapab ede tèt yo. Moun sa yo ki ava va wè yo sèlman kòm konpetitè nan lavni olye konsomatè. Yo kenbe rèv yo pou tèt yo pou pwòp benefis pèsonèl yo. Fèmen zye nou sou pòv va tounen pwòp madichon nou. Donk, nou dwe jenere, ede pòv epi resevwa benediksyon pou tèt nou. Bondye toujou fè zafè l byen.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Trajedi lavi se pa deske nou gen pòv, men paske nou pa kapab wè yo se yon resous.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete